

RINGKESAN

Ahmad Dimiyati, 2017. Efektivitas Penambahan Azolla pinnata Dina Parab Kanggo Pertumbuhan Lauk Lele (Clarias batatchus). Pembimbing 1, Drs. Yusuf Ibrahim, M.Pd. M.P. dan Pembimbing 2, drh. Nia Nurdiani, M.Si.

Lele lokal mangrupi spesies lauk lele asli nu aya di Indonesia, sanajan kitu kiwari mah budidaya lauk lele lokal parantos carang dipikahoyong ku pembudidaya lauk lele kumargi pertumbuhan nu lambat. Dina budidaya lauk nu kedah diperhatoskeun ku pembudidaya nyaeta dina sisi pamasihan parab, parab nu ngagaduhan nutrisi nu sae tiasa minuhan kabutuhan nutrisi nu dibutuhkeun ku lauk kangge pertumbuhan. Azolla pinnata mangrupi tatangkalan paku cai nu seu'eur aya diperairan indonesia, tatangkalan ieu ngaguduhan nutrisi nu sae sareng tiasa digunakeun kanggo parab piaraan. Ditujukeuna panalungtikana ieu kanggo ngatawanohan panambahan Azolla pinnata dina parab tiasa ngaruhan pertumbuhan lauk lele (Clarias batratchus). Panalungtikan ieu ngagunakeun rancangan acak kelompok (RAK), ngagunakeun 4 kelompok, 4 perlakuan. Parameter nu diukur dina panalungtikan ieu nyaeta pertumbuhan panjang sareng beurat lauk lele. Perlakuan nu dipasih dina panalungtikan ieu nyaeta: P1= Parab mangrupi pelet nu diical dipasar 100%, P2= Pelet 50% + Azolla pinnata 50%, P3= Pelet 75% + Azolla pinnata 25%, dan P4= Pelet 25% + Azolla pinnata 25%. Pamasihan parab dina panalungtikan ieu nyaeta dilakukeun seu'urna 3 kali nyaeta tabuh 09:00 WIB, tabuh 16:00 WIB, sareng tabuh 22:00 WIB. Hasil tina panalungtikan ieu nunjukeun aya pangaruh dina pamasihan parab diantawis P1, P2, P3, sareng P4 terhadap pertumbuhan panjang sareng beurat mutlak lauk lele lokal. Perlakuan P2 mangrupi perlakuan nu paling pang optimalna kangge ngerangsang pertumbuhan panjang sareng bobot lauk lele lokal (Clarias batratchus). Perkawis ieu ditandaan ku pertumbuhan bobot 3,15 gram sareng panjang mutlak 3,17 cm diahir panalungtikan.

Kata Konci: *Azolla pinnata, Parab, Pertumbuhan, Lele Lokal.*